KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA

# PENILAIAN AKHIR TAHUN

## MADRASAH TSANAWIYAH MANBAUL HUDA

## TAHUN PELAJARAN 2023/2024

## LEMBAR SOAL

| | | |
|---|---|---|
| Mata Pelajaran | : | Bahasa Sunda |
| Kelas | : | VIII (Delapan) |
| Hari dan Tanggal | : | |
| Waktu | : | |

**Petunjuk Umum :**

1. Perhatikan dan ikuti petunjuk pengisian Lembar Jawaban yang disediakan;
2. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawab;
3. Laporkan kepada pengawas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak, atau jumlah soal kurang;
4. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah;
5. Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan menghitamkan bulatan jawaban;
6. Apabila Anda ingin memperbaiki/mengganti jawaban, bersihkan jawaban semula dengan penghapus sampai bersih, kemudian hitamkan bulatan jawaban yang menurut Anda benar;
7. Periksalah seluruh jawaban Anda sebelum diserahkan kepada pengawas.

**I. PILIHAN GANDA**

**PETUNJUK KHUSUS:**

Untuk soal nomor 1 sampai dengan 35, pilihlah jawaban yang paling tepat dengan menghitamkan bulatan (●) pada huruf A, B, C atau D pada lembar jawaban!

**A. Pilihlah Jawaban yang benar dengan memilih a,b,c atau d !**

***Perhatikeun kawih di handap pikeun ngajawab soal no 1,2 &3***

Mesat ngapung luhur jauh di awang-awang
Meberkeun jangjangna bangun taya karingrang
Sukuna ranggoes eujeng pamatukna ngeluk
Ngapak mega bari hiberna tarik nyuruwuk
Saha anu bisa nyusul kana tandangna
Gandang jeung pertentang taya bandingannana
Dipikagimir dipikaserab ku sasama
Taya karempan kasieun leber wawanena

1. Judul jeung pangarang kawih sunda diluhur teh nyaeta ..?
   a. Jampe-jampe harupat karangan Doel Sumbang
   b. Manuk dadali karangan Sambas Mangkudilaga
   c. Tanah sunda karangan Koko Koswara
   d. Karatagan pahlawan karangan Mang Koko
2. Nu dimaksud "ngapak mega bari hiberna tarik nyuruwuk" nyaeta ..?
   a. Terbang tanpa arah di udara
   b. Terbang di langit dengan tenang
   c. Mengembang sayapnya di atas awan dan terbangnya melesat dengan cepat
   d. Terbang melayang-layang mencari mangsa
3. Kecap "dipikagimir" dina padalisan kadua sarua hartina jeung ..?
   a. Dipikasieun
   b. Dipikangewa
   c. Dipikahayang
   d. Dipikareusep



LIVEWORKSHEETS

***Perhatikeun kawih di handap pikeun ngajawab soal no 4,5&6 !***

*Pileuleuyan-pileuleuyan*
*Sapu nyere pegat simpay*
*Pileuleuyan-pileuleuyan*
*Paturay pateupang deui*
*Amit mundur-amit mundur*
*Amit ka jalma nu rea*
*Amit-mundur-amit mundur*
*Da kuring bade ngumbara*

4. Judul kawih di luhur nyaeta ..?
   a. Sasalaman
   b. Ririungan
   c. Paturay tineung
   d. Pileuleuyan
5. Jenis purwakanti dina padalisan kaopat kawih di luhur kaasup kana …
   a. Laraspurwa
   b. Larasmadya
   c. Laraswekas
   d. Campur sari
6. Dina conto kawih di luhur padalisan kadua "sapu nyere pegat simpay", nu miboga harti?
   a. Lama ketemu lalu berpisah
   b. Lama bersama-sama lalu berpisah
   c. Sudah lama tidak bertemu
   d. Bertemu lalu berpisah

Perhatikeun conto kalimah di handap!

1. Baju teh alus *tapi* hargana mahal
2. Kuring nu kadinya *atawa* maneh nu kadieu?

7. Dina kadua conto kalimah di luhur kaasup kana kecap pancen ..?
   a. Panambah
   b. Pangantet
   c. Panyambung
   d. Panyeluk
8. Kecap pangatet nyaeta kecap pancen nu cicing di … kecap barang?
   a. Hareupeun jeung tukangen
   b. Tukangen
   c. Tengah
   d. Hareupeun
9. Kecap pancen anu pungsina nyambungkeun bagean-bagean katatabasaan disebut ..?
   a. Panyeluk
   b. Panambah
   c. Panyambung
   d. Pangantet
10. "Manehna teu naek kelas lantaran loba bolos"
    Kecap panyambung nu dipake dina kalimah di luhur nyaeta kecap panyambung …
    a. Satata
    b. Teu satata
    c. Sadarajat
    d. Papasangan
11. Nu ngarang kawih judulna Tanah Sunda nyaeta …
    a. Mang Udjo
    b. Koko Koswara
    c. Doel Sumbang
    d. Sambas Mangkudilaga



LIVEWORKSHEETS

12. Hiji pagelaran anu mangrupa gabungan sababaraha unsur kesenian,nya eta seni sastra (lalakon),seni karawitan (gamelan), seni swara (sinden),jeung seni gerak atawa tari (gerak-gerik). Anu jadi lulugu dina pagelaran nyaeta ..
    a. Kendang penca
    b. Reog
    c. Wayang golek
    d. Angklung
13. Eta kesenian the kasebut mangrupa salah sahiji kesenian pagelaran khususna daerah pantura nya eta wates sisi jawa barat. Mirip barongsay ngan ieu bentukna jejelemaan lain sasatoan, nya eta …
    a. Tarawangsa
    b. Sisingaan
    c. Tari topeng
    d. Burok
14. Mangrupakeun tarian khas indonesia nu asalna ti cirebon,jawa barat. Miboga ciri utama nyaeta para penari ngagunakeun topeng, disebutna nya eta …
    a. Tari topeng
    b. Jaipongan
    c. Tarawangsa
    d. Reog
15. Ieu kesenian teh mimitina saukur hirup dilingkungan para menak jeung kadaleman wungkul. Kecapna, cenah mangrupa basa kirata, tina ngadeg jeung agung atawa pangagung, disebutna nya eta ?
    a. Angklung
    b. Calung
    c. Gamelan
    d. Degung
16. Sisindiran teh asalna tina kecap sindir. Istilah sindir digunakeun ku …
    a. Wahyu Wibisina
    b. M.A. Salmun
    c. R. Satjadibrata
    d. MO Kusman

| |
|---|
| Rincik-rincik hujan leutik<br>Paralak hujan tambaga<br>Nilik-nilik mojang leutik<br>Teu terang aya nu boga |

17. Bagian cangkang dina eta sisindiran nya eta padalisan ka …
    a. 1 jeung 2
    b. 2 jeung 3
    c. 3 jeung 4
    d. 1 jeung 4
18. Kalimah nu merenah keur ngalengkepan eta sisindiran di handap nya eta …

    ***Ramanten buah ramanten***
    ***Ramanten di parapatan***
    ………………………
    ………………………
    a. Hapunten abdi hapunten
       Bilih teu aya kalepatan
    b. Hapunten abdi hapunten
       Bilih aya kalepatan
    c. Hampura abdi hampura
       Bisi aya kasalahan



LIVEWORKSHEETS

    d. Itu purun ieu daek
       Sarua bogoheun nana
19. Jadi jelema teh ulah sok … bisi dijauhan batur
    a. Gede sirah
    b. Sirah gede
    c. Gede hulu
    d. Hulu gede
20. Ari rumasa kurang pinter kudu rajin… sangkan pinter
    a. Tatanya
    b. Tanya-tanya
    c. Tanyaan
    d. Tanda tanya
21. Neng putri keur … karangan novel di meja belajarna
    a. Tutulis
    b. Tulis-tulis
    c. Tutulisan
    d. Tulas-tulis
22. Biantara teh kudu ngandung surprise maksudna ...
    a. Mawakeunana bisa ngahudang rasa kapanasaran
    b. Bisa nyinglarkeun rasa kabosen pamiarsa
    c. Biantara anu diwatesanan
    d. Biantara kudu miboga tujuan anu kudu dihontal
23. Biantara teh minangka aksi ti panyatur pikeun nepikeun hiji hal sacara ngahaja jeung miboga sifat formal. Mangrupa pendapat ...
    a. HB Yasin
    b. Takhrudin
    c. Yayat Sudaryat
    d. Jus Badudu
24. Di handap ciri-ciri biantara nu bener, iwal ...
    a. Kudu saklik
    b. Kudu kilat
    c. Kudu jelas
    d. Kudu hirup
25. Biantara anu ngan saukur nataan ti hiji kajadian kana kajadian nu sejen di barung gaya nu monoton, bakal nimbulken rasa bosen pikeun nu ngabandunganana. Mangrupa ciri biantara ..
    a. Kudu dibalikeun deui
    b. Kudu miboga tujuan
    c. Kudu miboga klimaks
    d. Kudu ngandung susprise
26. Metode memoriter, nya eta ...
    a. Biantara anu dipake kalawan ngadadak
    b. Biantara anu ti mimiti nepi ka akhir biantara panyaturna maca naskah
    c. Biantara anu geus dirancang samemehna
    d. Biantara anu ngagunakeun naskah secara lengkep
27. Di handap mangrupa langkah-langkah biantara, iwal ...
    a. Biantara impromtu
    b. Milih ngawatesanan topik
    c. Latihan ku sora ngoncrang
    d. Nyieun rarancang pedaran



LIVEWORKSHEETS

***Perhatikeun conto Surat di handap pikeun ngajawab soal no 28,29,&30!***

*Kuningan, 14 Februari 2024*

*Kahatur,*
*Pangersa Uwa Dindin*
*di*
*Jl. Anjun Kanoman No. 12*
*Karawang 403521*

Sinareng hormat,

Uwa pameget miwah uwa istri kumaha damang?
Nuhun upami damang mah eta pisan nu dipikahoyong. Abdi sareng sadaya anu aya di kuningan oge, alhamdulillah aya dina panangtayungan Allah Swt. Sehat teu kirang sawios-wios.

Mugi kauninga wae rehna abdi nyeratan ka uwa teh taya sanes abdi sakulawargi hoyong silaturahmi ka karawang. Dupi waktosna insya allah kaping 20 Februari 2024.

Abdi mah di karawang teh emut ka pais bibit jamal nu aya di walahar mani arageung. Engke upami ka ditu omatnya sayogeun deui pais bibit jamal. Hehe rupina sakie wae serat ti abdi. Salam baktosna kanu araya di karawang.
Hatur nuhun ...

Baktos Abdi

Anisa Putri

28. Dina conto surat di luhur aya kalimah *"uwa pameget miwah uwa istri kumaha damang"?* Mangrupa bagean ... dina surat ?
    a. Eusi Surat
    b. Bubuka Surat
    c. Panutup Surat
    d. Titimangsa Surat

*Kahatur,*
*Pangersa Uwa Dindin*
*di*
*Jl. Anjun Kanoman No. 12*
*Karawang 403521*

29. Mangrupa bagean.. dina surat ?
    a. Alamat surat
    b. Eusi surat
    c. Salam bubuka
    d. Panutup surat
30. "Mugi kauninga wae rehna abdi nyeratan ka uwa teh taya sanes abdi sakulawargi hoyong silaturahmi ka karawang. Dupi waktosna insya allah kaping 20 Februari 2024".
    ***Eusi Surat di luhur nya eta ...?***
    a. Hoyong piknik bareng jeung urang karawang
    b. Hayang mincing di walahar
    c. Hoyong silaturahmi ka karawang ping 20 Februari 2024
    d. Hoyong pais bibit jamal walahar
31. Fokus kana ajen-ajen,keyakinan,tradisi anu geus napel dina budaya, karakter identitas bangsa disebut ..?
    a. Karakter
    b. Akar budaya
    c. Adat
    d. Kaarifan lokal
32. Metode biantara anu dipake kalawan ngadadak. Disebut metode ...?
    a. Manuskrip
    b. Ekstenporan
    c. Manuskrip



LIVEWORKSHEETS

d. Impromtu

33. Khotib ngajak ... ka sadaya jama'ah nu hadir dina solat jumat?
    a. Toleransi
    b. Taqwa
    c. Ma'siat
    d. Su'ul Khotimah
34. Biantara asalna tina basa ...
    a. Sumatera
    b. Solo
    c. Jawa
    d. Kalimantan

> *Assalammualaikum Wr.,wb*
> Bapa kuwu hormateun simkuring, bapa-bapa ketua Rw sareng ketua RT di lingkungan desa sukamaju, oge hormateun simkuring saderek sadaya anu sami-sami hadir dina ieu acara hormateun simkuring.
> Langkung ti payun simkuring ngahaturkeun nuhun kana kasumpingan ka ieu tempat.
> Alhamdulillah dina periode kapangurusan karang taruna Syarif Syam taun 2023-2024 simkuring kapilih deui janten pupuhu. Ku kituna simkuring ngahaturkeun nuhun kana kapercantenan warga desa sukamaju.

35. Dina penggalan conto saha nu biantara di luhur teh?
    a. Pak Kuwu
    b. Pak RT
    c. Ketua Karang taruna Syarif Syam
    d. Ketua RW

**II. URAIAN !**

36. Nu sok ceramah juma'ah di mesjid ngaranna?
37. Metode biantara anu ges dirarancang samemehna disebut ?
38. Conto : kamana kabogoh kuring
    Sumpang simpang nyiar simping
    Dina conto di luhur kaasup kana purwakanti laras....?
39. Karangan anu diwangun ku sindir jeung eusi disebut?
40. Rarakitan,paparikan, jeung wawangsalan kaasup kana macam-macam?

***Semangat !***



LIVEWORKSHEETS